

# Pran Vaksen kont COVID-19 Ou a



**Elijib kounye a:** moun ki gen 50 ane oswa plis yo; moun ki gen kèk pwoblèm medikal ki kache; travayè restoran yo; rezidan ak pèsònèl nan mezon retrèt yo, refij pou sanzabri yo ak lòt etablisman moun viv an gwoup yo; ak kèk travayè esansyèl, tankou premye sekouris yo, pwofesè yo ak pèsònèl lekòl yo, travayè transpò yo, ak travayè magazen pwovizyon alimantè yo. Pou yon lis tout gwoup ki elijib yo, vizite [nyc.gov/covidvaccinedistribution](https://nyc.gov/covidvaccinedistribution).

## Pran yon Randevou:

Vizite [nyc.gov/vaccinefinder](https://nyc.gov/vaccinefinder) pou jwenn yon sit vaksinasyon epi pran yon randevou. Randevou yo obligatwa nan tout sit yo. Ou kapab rele tou 877-829-4692 pou ou pran yon randevou nan yon sit NYC.

## Prepare pou Randevou Ou a

Ou pral bezwen konplete Fòmilè Eta New York (NYS) pou Vaksen kont COVID-19 (New York State [NYS] COVID-19 Vaccine Form) la ke ou ap jwenn nan [vaccineform.health.ny.gov](https://vaccineform.health.ny.gov) dekwa pou ou ka pran vaksen an.

Si ou elijib pou ou pran vaksen an **baze sou laj ou**, ou dwe pote prèv pou laj ak prèv rezidans New York.

Si elijib pou ou pran vaksen an **baze sou anplwa ou**, ou dwe pote prèv anplwa ak prèv ke ou ap travay oswa abite nan New York.

Si ou elijib baze sou **sou yon kondisyon medikal ki kache**, ou kapab sètifye pèsònèlman ou genyen yon pwoblèm ki kache. Ou pa bezwen dokimantasyon ki soti nan men pwofesyonèl swen sante ou. Ou dwe pote tou prèv rezidans nan New York.

Pou enfòmasyon sou fòm prèv pou elijibilite ki akseptab yo, vizite [nyc.gov/covidvaccine](https://nyc.gov/covidvaccine).

Kèk sit vaksinasyon rezève pou rezidan oswa travayè NYC yo, oswa rezidan kèk katye espesifik. Epi tou, kèk sit ap vaksinen sèlman kèk gwoup ki elijib. Verifye egzijans pou elijibilite sit vaksinasyon yo avan ou pran yon randevou.

- Repwograme randevou ou a si ou pa santi ou byen nan jou randevou ou a.
- Pote yon kouvèti pou figi nan randevou ou a. Yo pap pèmèt ou antre nan sit la san youn.

**NYC VACCINE FOR ALL:  
SAFE, FREE, EASY**

